

# Kanabis nan NYC: Konnen Dwa ou Yo

Li legal pou granmoun yo konsome kanabis (mariwana) nan Eta New York (New York State, NYS).



3 ons



24 g

Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa genyen ak bay (men pa vann) jiska 3 ons flè oswa boujon kanabis, oswa jiska 24 gram kanabis konsantre tankou luil oswa sigarèt elektwonik.



Zòn pou Fimen

Granmoun ki gen laj 21 lane pou pi piti gen dwa fimen kanabis oswa sigarèt elektwonik ki gen kanabis ladan nan pifò kote yo otorize moun fimen tabak.



Nou agrandi pwogram pou kanabis medikal la nan New York. Pou jwenn enfòmasyon sou chanjman yo, ale sou [cannabis.ny.gov/medical-cannabis](http://cannabis.ny.gov/medical-cannabis).



Se nan dispansè ki gen pèmi NYS sèlman yo gen dwa vann kanabis. Pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou fason legal pou achte kanabis, sa gen ladan adres dispansè yo, ale sou [cannabis.ny.gov/adult-use](http://cannabis.ny.gov/adult-use).

## Travay

■ Konpayi yo pa kapab pran desizyon kont moun ki ap itilize kanabis yon fason ki legal lè yo pa nan travay la. Konpayi yo kapab kreye epi aplike politik ki entèdi pou moun gen sans ki afebli oswa konsome kanabis pandan yo nan travay la. Mande konpayi ou a ki politik espesifik li gen sou kanabis.



■ Konpayi yo kapab pran desizyon kont moun ki gen sans febli poutèt y ap itilize kanabis oswa poutèt y ap konsome li pandan yo nan travay.

□ Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [dol.ny.gov](http://dol.ny.gov) epi chèche "**workplace cannabis**" (kanabis nan travay).

■ Lwa lokal ki gen nan NYC entèdi pou teste moun pou konsomasyon kanabis anvan ou anplwaye yo.

□ Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/dcacs](http://nyc.gov/dcacs) epi chèche "**cannabis testing**" (tès pou konsomasyon kanabis).

## Byennèt Timoun


■ Yo pa kapab itilize posesyon legal oswa itilizasyon legal kanabis kòm yon rezon pou refize gad timoun oswa vizit pou yon timoun.

■ Nenpòt moun ki gen timoun oswa ki gen jèn moun lakay li dwe sere kanabis la ak pwodui ki gen kanabis yo yon kote ki pa sou je, epi yon kote timoun ak jèn moun p ap ka pran l.



## Lojman

■ Mèt kay prive yo pa kapab refize bay lojman poutèt moun nan konsome kanabis.



■ Politik ki gen nan bilding prive an gen dwa mete limit oswa li ka entèdi moun fimen ak itilize sigarèt elektwonik anndan kay yo. Verifye kontra ou an oswa règleman bilding nan.

■ Lotisman Lojman Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) gen politik kont tabak ki entèdi pou moun fimen ak itilize sigarèt elektwonik ki gen tabak ak kanabis sou pwopriyete a. Lojman publik ki fè pati yon pwogram federal dwe respekte lwa federal ki entèdi moun genyen ak konsome kanabis ak pwodui ki gen kanabis.

## Moun ki ekspose ak lafimen lòt moun k ap fimen

- Li entèdi pou moun fimen ak rale vapè kèlkeswa pwodui an, sa gen ladan I kanabis, nan espas publik batiman yo ak nan pifò espas travay yo. Gen lòt kote ki entèdi moun fimen ak rale vapè, sa gen ladan, pam i lòt kote, restoran, ba ak espas publik tankou pak ak plaj yo.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa sou lè san lafimen yo, ale sou [nyc.gov/health/tobaccocontrol](http://nyc.gov/health/tobaccocontrol).
- Pou depoze yon plent konsènan yon moun ki vyole lwa sou fimen yo, rele **311** oswa ale sou [portal.311.nyc.gov](http://portal.311.nyc.gov) epi chèche "**smoking complaint**" (depoze yon plent kont yon moun k ap fimen).



- Dapre nouvo lwa a, lè yon moun konsome kanabis yon fason ki legal yo pa kapab konsidere I nan desizyon eta a oswa otorite lokal yo ap pran pou bay libète sou kondisyon oswa pwobasyon.
- Li posib pou yon moun jwenn yon rediksyon pèn li te genyen an pou enfraksyon ki gen rapò ak kanabis ki vin modifye nan kad nouvo lwa a.
  - Tribunal la gen dwa diminye yon pèn ki genyen deja si dosye a respekte kondisyon lalwa ki obligatwa yo.
  - Kontrèman ak sipresyon (lè yo retire enfraksyon yo nan kazyé jidisyè yon moun akoz yon nouvo lwa), reyajisteman pèn nan (lè yo ajiste pèn nan akòz yon nouvo lwa) pa otomatik. Pou yo kapab reyajiste pèn nan fòk gen yon avoka ki depoze demann lan nan tribunal la.

## Sistèm Penal

- Y ap siprime (elimine) nan dosye moun ki konsène yo enfraksyon ki pase epi ki gen rapò ak kanabis ki pa ilegal ankò daprè nouvo lwa yo.
  - Pwosesis sa a otomatik, pou rezon sa a li pa nesesè pou moun ki gen dosye a fè kwakseswa.
  - Li ka pran jiska de (2) lane pou yo siprime (elimine) dosye yo.
- Nouvo lwa a limite fouy ki fèt nan yon machin sou baz gen yon sant kanabis nan zòn kote chofè a kapab lonje men byen fasil.



## Imigrasyon

- Kanabis la ilegal toujou dapre lwa federal la. Lè yon moun pa respekte lwa sou kanabis la, sa kapab toujou lakòz li gen gwo pwoblèm nan imigrasyon.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon, chèche sèvis avoka sou kesyon imigrasyon. Rele liy dirèk ActionNYC an, se vil la ki finanse li epi li gratis ak san danje, nan 800-354-0365, oswa rele **311** epi di "ActionNYC" apati de 9 a.m. pou rive 6 p.m., soti lendi pou rive vandredi, pou jwenn enfòmasyon epi pou yo mete ou an kontak ak èd.

Pou w kapab jwenn èd avoka gratis, kontakte Legal Action Center (Sant Aksyon Jiridik la) (212-243-1313), Legal Aid Society (Sosyete Asistans Jiridik la) (212-577-3300), Legal Services NYC (Sèvis Jiridik Vil New York) (917-661-4500) oswa New York Lawyers for the Public Interest (Avoka New York pou Enterè Piblik) (212-244-4664). Pou jwenn plis enfòmasyon, rele **311**.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/health/cannabis](http://nyc.gov/health/cannabis).